

СПОРТ

ГIолилазда гьоркьосеб спартакиада тIобитIана

Стр. 2

ДИН ВА ГIУМРУ

ЛъикIал гIамалал рухIулел квешал унтаби



Стр. 3



# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 9 * май 2015 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


## Баркула бергьенлъиялъул къо

ЛъаратIа администрациялъ ва редакциялъ ракI-ракIалъ баркулеб буго киналгIаги рагъазда гIахьаллъарал ва гьединго гIахьаллъизе кколел, рагъулал аскаразда хъулухъ гьабулел бахIарзазда, бихьиназда, руччабазда ва тIолабго районалъул жамагIаталда КIудияб Бергьенлъиялъул къо.

Гьеб ккола ВатIан цIунулаго батIи-батIиял рагъул авлахъазда рухI босарал, тIадаб борчги тIубан тIадруссарал рагъухъабазул ва бергьенлъи гIагар гьабиялъе гIоло кIвахI тун, гIетIги биги тIун рагъарал нилъер бахIарчиял умумул ракIалде щвезарулеб къо.

Биччанте щивав бахIарчи нилъер ракIазулъ хутIизе, гьезда релъараллъун нилъги рахъизе ва нилъер лъимал гьелгIадин бахIарчияллъун рахъизе. ЛъаратIа районалдаса рагъул гIахьалчагIазда, гьезул наслабазда ва гIагарлъиялда баркулеб буго Бергьенлъиялъул къо Гьарула рагъулъ бахIарчилъи ва ракълилаб хIалтIулъ таваккал ва къохIехьей. Биччанте гьеб къо нилъер умумулги, гьезул бахIарчилъигун гьунарги ракIалде щвкзабулеб къолъун букIине кидаго.

**ЛъаратIа районалъул муниципалияб гIуцIи, Райсобрание, Райадминистрация, Редакция**




*КIудияб бергьенлъиялъе 70 сон тIубай*

## ЛЪАРАТIА БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪУЛ КЪО КIОДО ГЬАБУНА

**ЦIуне ниж гьерсаздаса, цIуне ниж мацIаздаса,**
**ЦIуне ниж яргъидаса, цIуне ниж рагъалдаса.**
**Кье нижей бацIадаб зоб, кье роцIараб дуниял,**
**Кье хъахIилал ралъадал, кье тIадегIанаб гIумру.**

*(Р. ХIамзатов)*

Исанаги 9 маялда нелъеца баркана КIудияб ВатIанияб рагъулъ Совет хIукуматалъ фашистазда тIад босараб кIудияб бергьенлъи. Амма исанасеб байрам букIана хасаб, щайгурелъул, рейхстагалда тIад нилъераз байрахъ чIаралдаса нахъе сверана 70 сон. ТIолго дунялалъего хасаб, КIудияб Бергьенлъиялъул къо кIодогьабичIеб бакIго хутIичIо Россиялда киса-кибего. КIодо гьабуна гьеб нилъер гIагараб ЛъаратIа районалдаги.

Дунялалъул тарихалда жаниб бищунго вахIшияб ва биял гIодор тIураб рагъда Совет Союзалъул хвана 26 миллион чи, ракълилаб ва роххалилаб гIумру нилъее щвеялъе гIоло. Улкаялда киса-кирего гIадин нилъер районалдасаги ана гIолохъаби ВатIан цIунизе. ГьабсагIат районалда хутIун вуго цохIого цо рагъул гIахьалчи, Къардиб росулъа ГьитIинов ШагIбан.

Исана Бергьенлъиялъе 70 сон тIубаялъул гIаламат лъаларо, районалда цIакъ гIемераб халкъ бакIарун букIана. Радал сагIат анцIго тIубарабго ЛъаратIа администрациялъул минаялда аскIоса байбихьун тIобитIана кIудияб парад, гIемер чагIаз бицунеб рагIана, исана гIадин гIемерал чагIи росабалъа киданиги щун рукIинчIилан. Районалъул киналго идарабаз хIалкIун цIикIараб тIалабалда тIобитIулеб букIана гьеб тадбир. Берцинаб, миллияб ретIа-къаялда цере рилълъунел культураялъул хIалтIухъабаз цо батIияб, хасаб нур лъолеб букIана парадалда. Районалъул бищунго кIудияб, аслияб къватI чван, бергьенлъиялъул кIучIдузда гъорлъ унел гIадамазул берцинаб читIир бихьарабго, рекIее кIудияб асар гьабуна. Кидаго гурелъул гьадигIан берцинго ва тIадегIанаб даражаялда гIуцIизе бажарулеб праздник. Парад лъугIун хадуб районалъул нухмалъиялъ дандчIвай гьабуна стадионалда халкъалъулгун.

КидагогIадин тIоцеве районцоязда Бергьенлъиялъул къо баркизе цеве вахъана районалъул бетIер ГIалиханов МухIамад. ТIоцебесеб иргаялда гьес баркана районцоязда Бергьенлъиялъул къо, хасго районалда цо хутIарав рагъул гIахьалчи, ГьитIинов ШагIбанида, ракIалда щвезаруна рагъда хварал ва захIматал рагъул соназда фронт хьихьизе гIетIги тIун хIалтIарал тылалъул ветеранал, ва гьел гурел цогидал. Къокъ гьабун ва магIна бугеб хIалалъ киналго ракIалдеги щвезарун, халат бахъун чIамучIлъизабичIого лъугIизе тана районалъул бетIерас жиндирго барки. Гьединго районцоязда Бергьенлъиялъул къо баркизе цере рахъана районалъул администрациялъул бетIер Ражабов Ражаб, районалъул имам ГьитIинов МухIамад, райсобраниялъул председателасул заместитель ГIабдулаев ГIабдула, районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал, ГIабдулхаликъов Рамазан, Саидова Мадина ва. гь.ц.

КидагогIадин районалъул нухмалъулезул хитIабалда хадуб рагIи кьуна районалъул культураялъул хIалтIухъабазе. Миллияб ретIа-къаялда кьурдулез, рагъулал кучIдул ахIулез роххизаруна гIодор чIарал. Хасго кIудияб асар гьабуна ЛъаратIа культурияб рукъалъул директор ГIабдулаев ГIабдулагьица, « къункъраби» абураб Расул ХIамзатовасул машгьураб кечI ахIарабго. БитIахъе черхалда гъаргъар балеб хIал букIана, кIудияб махшалида гьеб кечI ахIарабго, стадион цIураб халкъ заманаялъ сихI тун гIенеккун хутIана. НакIкI лъураб, цIад балеб къо букIаниги, цо хасаб бергьенлъиялъул хинлъи ва роххел букIин бихьулеб букIана киназулго рекIелъ. ЦохIо кучIдуздагун кьурдиязда лъугIичIо праздник, цебе букIана жеги гугариялъул рахъалъ районалъул гIолилазда гьоркьоб турнир, гьелъул хIакъалъулъ цIале гьаб номералда цоги макъала. Гьединаб хасаб, гвангъараб ва цере рукIаразда релъинчIеб лъугьана нилъер районалда исанасеб Бергьенлъиялъул къо кIодо гьабиялъул байрам. Гьарула киназего щулияб сахлъи, халатаб гIумру ва ракьалда тIад рекъел. Хабар лъикIаб рагIайги.

**Расул АБАКАРОВ**

*Редакторасул колонка*



# Редакциялде кагътал ва гьезда тIаса пикраби

**ГIемер пикраби рачIуна ботIролъе «ЛъаратIа» газеталъул редакциялде гIадамаз дора-гьаниса росабалъа хъварал яги къотIнор данде чIварал чагIаз кьурал кагътал цIалун хадуб. Кагътал ратизе бегьула батIи-батIиял, цо тарихиял лъугьа-бахъиназул, цо сунда тIаса бугониги хасаб пикру, цоял какарал яги цогидал реццарал. Хасго сваказарула гьал ахиралда рехсараб тайпаялъул кагътаз. Цо пуланав ГIумарица жиндирго гьудул веццараб ялъуни цо щивалиго ГIусбаница цо хIакимчи веццарал гурел, батIияб пикруялъул кагътал кодоре щвезе захIмат букIуна. Гьел реццулеб къагIидаги букIуна цо хасаб, тIадагьаб пикруялъул, газеталда бахъизе нечолеб хIалалъул.**

Я вац, дуе дур гьудул яги гIагарав, божарав чи гьесулго рокъовеги ун, кIодого гьесда лъикIаланго рагIулеб хIалалъ, мун кутакав, гьунар бугев, цевеТIурав чи вогоян абизе бегьиларищ?? Гьаб рес гьечIого районалдаго лъазе кколеб жойищ нужер гьоркьорлъаби? Гьединал суалал рачIуна ботIролъе. ТIадежоялъе долго чагIи къотIнор ратарабго ракI хун рукIуна, дуцайила жидер макъала биччачIого танин. Дида цонигияв данд чIвачIо жидер макъалабазе газеталда тIад бакI щвезе рес бугищ абун цIехолев. Гьезул киназулго цо кинабгIаги щаклъи букIунаро жив кутукав, бергьарав хъвадарухъан вукIиналда. Рес гьечIого гьеб газетаялда бахъизе кколеб гIадин кIалъала.

Гьединго гIурус мацIалъ хъварал кагътал щола, хIатта цо номералда лъазабиги букIана гIурус мацIалъ хъварал кагътал ритIугеян. Бокьа-бокьарал кагътал риччазе гьаб цо чиясул хасаб газетаги гурелъул, гьединлъидал лъазабулеб буго, редакторас тIаса рищарал гурони макъалаби къватIире риччаларин. Газетаги гьелдехун бугеб бербалагьиги цIакъго хун буго гIадамазул ва тIадеялдаса тIаде холебги буго. Газета цIалулел чагIи къо бахъанагIан дагьлъулел руго, бокьараб магIарул букIа, гIурус букIа, газета кодоб ккун цIалулев гIолохъанчи ватизе цIакъго захIмат буго. Эркенаб хIалалъ магIаруласдехун магIарул мацIалъ кIалъазе бажарулев гIолохъанчи къанагIат гурони ватиларо нилъер гьанив. Гьеб бихьулеб буго гIунбачIунеб ва гIолохъанаб гIелалъухъ балагьун. МагIарул мацIалде бугеб бербалагьи цIакъго загIиплъун буго жакъа, къотIнор дандчIварав кIиго гIолохъанчи рагIи магIарулалъ бицинчIого гIурус мацI ххенола. Цо мода гIадаб жо лъугьун буго гIолилазул гIурусалъ кIалъай, хIатта гьитIинал школазда хьвадулел лъималаздаса байбихьун. Авар мацIалдасаги, адабияталдасаги нечараб хIал лъугьун буго жакъа.

ЦохIого цо авар мацI цIунараб бакIлъун хутIун буго диналъул рахъ, мажгитазда, мадрасазда цIакъ берцинго кIалъала магIарулалъ. Гьабулеб вагIза-насихIатги цоцаздехун кIалъайги, кинабго буго унгояб магIарул мацIалъул. « Метер магIарул мацI хвезе батани, хвайги дун жакъаго жаниб ракI къватIун», гьадин хъвана кIудияв шагIир Расул ХIамзатовас.

**28 абилеб маялда ЛъаратIа культурияб рукъалъул кIудияб залалда тIобитIизе буго адабияталъул сон республикаялда кIодо гьабиялда хурхараб тадбир. Нилъехъе щвезе руго республикаялдаса цIар рагIарал поэтал ва машгьурал хъвадарухъаби. ГIемерисел цоги районазда гьединаб тадбир тIобитIунги буго исана. Нилъер районалъеги гьеб кIудияб ва цIикIараб кIваралъул данделъи буго. Гьелъ бихьизабулеб буго авар мацIалъул ва адабияталъул нилъее букIине кколеб цIикIараб кIвар. ГIахьаллъизе бокьарал чагIи рачIа 28 абилеб къоялъ ЛъаратIе.**

Расул АБАКАРОВ

*спорт*

# ГIОЛИЛАЗДА ГЬОРКЬОСЕБ СПАРТАКИАДА ТIОБИТIАНА

**КIудияб Бергьенлъиялъе 70 сон тIубаялъул хIурматалда районалда тIобитIана гIолилазда гьоркьосеб ДЮСШялъул спартакиада: батIи-батIиял спортивиял кьецал, ай тIадагьаб атлетика, волейбол ва гьединго эркенаб гугариялъул ва боксалъул кьецал.**



Спартакиада байбихьана 29-30 апрелалда тIадагьаб атлетикаялъул кьецаздасан. ХIасил гьадинаб ккана: ТIоцебесеб бакI ккуна Кутлаб школалъ, кIиабилеб бакI ккуна ЛъаратIа школалъ ва лъабабилеб бакI ккуна ЦIумилухъ школалъ.

КIиабилеб маялда байбихьана волейболалъул ясазда ва васазда гьоркьосел кьецал. Ясазе рес щвана кьецал тIоритIизе, амма васазул кьецал гьава-бакъалда хурхун микьабилеб маялде щвезегIан нахъе рахъизе ккана.

Кин бугониги хIасил гьадинаб ккана:

Ясазул кьецазда тIоцебесеб бакI ккуна Мазада школалъ, кIиабилеб бакI ккуна Кутлаб школалъ ва лъабабилеб бакI ккуна ЛъаратIа школалъ. Васазул волейболалъул рахъалъ тIоцебесеб бакI ккуна Хидиб школалъ, кIиабилеб бакI ккуна Мазада школалъ ва лъабабилеб бакI щвана СикIар школалъе. 9 маялда парадги лъугIун байбихьана эркенаб гугариялъул финалиял кьецал, аслиял хIалуцарал кьецал рукIана ЛъаратIа, Начада ва ЦIумилухъ школазда гьоркьор.

Финалалъул кьецазда гIемерисел рукIана церехун рехсарал школазул гIолилал. ТIоцебебсеб бакI ккуна ЛъаратIа школалъ, кIиабилеб бакI ккуна Начада школалъ ва лъабабилеб бакI щвана ЦIумилухъ школалъе. ЛъаратIа школалда цIалулезул къадар ункъго нухалъ цIикIараб буго цогидазда данде ккун. Гьенир хIалтIулел тренеразе рес буго къуваталщинал тIаса рищизе. Райцентралда гьабсагIаталъ хIалтIулев вуго эркенаб гугариялъул ункъо тренер, гьезда жаниса къокъаб заманаялда тренерлъун хIалтIулаго лъикIал хIасилал рихьизарулел руго Давуд Рамазановас, гьесул гугарухъабаз ккуна кIиго тIоцебесеб бакI, лъабго кIиабилеб бакI ва кIиго лъабабилеб бакI.

ЛъикIаб къимат кьезе кկола Начада школалъул тренер ГIабдуразакъов СултIаниеги, гьитIинабго зал бугониги гьес малъулел лъималаз лъикIал хIасилал рихьизаруна, гьесул командаялъул ункъо чияс ккуна тIоцебесеб бакI.

КIудияб цIайиялда гьесул командаялъ гIемерисел соназда тIадегIанал бакIал ккола. Лъабабилеб бакI ккуна чамалиго соналъ районалъул чемпионлъун букIараб ЦIумилухъ школалъ. Гьезул командаялъ босана кIиго тIоцебесеб, цо кIиабилеб ва цо лъабабилеб бакI. Гьединал ккана хIасилал.

ДЮСШялъ гIарцулал сайгъатал ва граммотаби кьуна.



**ЧАКЪАЛОВ**

## Тарихал

**725 000** - Исана Цогояб пачалихъияб экзамен кьезе хъван руго 725 азаргочи. Гьезд агьоркьоса нусазаргоялдаса цIикIкIун чи кколев вуго араб соналъ экзамен кьезе кIвечIев.

**523** - Индиялъул магърибалъул рахъалда бугеб Гуджаратштаталда 523 Азиялъул гьалбацI буго жакъа кьоялде. Щуго соналъ цебе букIараб къадаралде дандеккун гьеб ккола 27 проценталъ цIикIкIун.

**27** – Май моцIалда жанив араб бакI лъачIого ДагъистаналдатIагIун вуго 27 чи. Гьединал баянал кьолел руго «Союз справедливых» абураб жамгIияб гIуцIиялъ.

**225 000** – Щибаб соналъ Европаялда 225 азарго чи холев вуго экологиялъул даража гIодобе ккун букIиналъул хIасилалда ккарал унтабаз.

**30 000** – Цо лъагIалида жаниб дунялалдаса 30 000 батIияб рухIчIаголъи тIубан лъугIулеб буго.

## Прокуратура сообщает:

**Прокуратура Тляратинского района провела проверку соответствия уставов образовательных учреждений федеральному законодательству. В ходе проверки установлено, что устав муниципального казенного дошкольного образовательного учреждения «Нитиисухский детский сад» содержит положения, противоречащие закону.**

В частности, согласно уставу учреждения, прием детей в детский сад осуществляется в возрасте от 1 года 6 месяцев и до 6 лет 6 месяцев на основании медицинского заключения. Между тем, в соответствии со ст. 67 Федерального закона от 29 декабря 2012 года № 273-ФЗ «Об образовании в РФ» получение дошкольного образования в образовательных организациях может начинаться по достижении детьми возраста 2 месяцев.

По результатам проверки прокуратурой района в адрес учредителя образовательного учреждения – главы администрации муниципального образования «Тляратинский район» внесено представление об устранении нарушений федерального законодательства.

din ва гIумру

# ЛъикIал гIамалал рухIулел квешал унтаби

**Инсанасул чорхолъ букIуна чанго батIияб унти ва щибаб унтуе, абураб гIадин, даруги букIуна. Гьединго, диналда жанибги букIуна дин хвезабулеб, ай динияб гIамал бухIулеб унти.**

## Инсанасул лъикIаб гIамал

Гьединаб гIамал бухIулеб квешаб унтилъун ккола Аллагьас Къуръаналда рехсохъе (магIна): **«Аллагьасул нухдаса гьез нахъчIвана...»** ва цинги аяталъул ахиралда баян гьабун буго: **«Хадуб, гьезул лъикIал гIамалал рухIизе руго»**, - ян.

Гьелъие буго цо чанго мисал. Васас инсуда абулеб буго: «Дие бокьун буго мадрасалдеги лъугьун Къуръан ва гIелму цIализе, Аллагьас гIоло халкъалда гьеб малъизе. Васас Аллагьасул нух тIаса бищизе бокьун букIин загьир гьабидал, эбел-эмен кутакалда данде чIолел руго ва лъимада абулеб буго: «Я дир вас! Гьанже заманалъ гIелму цIаларал чагIиги гIемер руго, гьезие хIалтIизе бакIги щолеб гьечIо, магIишат гьабизе ккеларищ? ХIатта гIелму цIаларал гIадамал чIвалелги руго. Щай дуе гьеб нух, какги бан вукIарав гIела ва дуе лъикI букIина ахираталъул цIалиги жибго тун, дунияб цIали тIаса бищани», - ян. Гьединаб куцалда эбел-инсуца ва гIагарлъиялъ жидерго лъимер Аллагьасул нухдаса нахъчIвалеб буго. Цинги, гъоркь хIубал чIвачIого зобал рахъун чIезарурав Аллагьас Къуръаналда абураб гIадин «гьезул лъикIал гIамалал рухIизе руго».

Цогидаб мисал.

Росдал жамагIаталъ абулеб буго пуланав чиясда: «Дур мина бугеб бакI мажгит-мадрасалъе хIажатаб бакI буго, дурго гьийиналъухъ мухьги босе, гьелда рекъараб ракь цогидаб бакIалда дуе жамагIаталъги кьела», - абун. Жиндиего щолеб хайир гурони бихьуларев гъов пулан данде чIолев вуго ва хIасилалда, Аллагьас гьесда къиямасеб къоялъ абизе буго: «ЛъикIал гIамалал рухIизе руго», - ян.

Гьединго, росдал бегавуласда яги дибирасда жамагIаталъ ва жамагIатчагIаз абулеб бугони дуца гьеб хьулухъги жибго те, гьелдалъун росдае ва исламалъе пайдаги гьечIо, Аллагьасул нухда цеве чIолевлъунги вукIунгеян.

ХIакъаб жо буго, гьев пакъирас нусго багьана бачине бугеблъи ва гьелъул хIасилалда гьес росу Аллагьасул нухдаса нахъчIвалеб буго. Гьелдалъунги гьесул лъикIаб гIамалалъул кири бухIула.

## ГIалимзабазул баян

Инсанасул лъикIаб гIамал бухIулеб квешаб унтиялдасан ккола Аллагьас Къуръаналда рехсараб аяталда рехсохъе (магIна): **«Ле, иман лъурал гIадамал. Нужеца нужерго гьаркь Аварагасул гьаркьидаса борхизабуге»**, - ян абураб ва хадуб, ай аяталъул ахиралда буго гьадин (магIна): **«Цинги, нужедаго лъачIого нужер лъикIаб гIамал бухIизе буго»**, - ян. Гьаб аяталдасан бичIчIулеб буго аскIор рукIаго Аварагасда ﷺ гьаракь борхун кIалъазе бегьунгутIи.




Амма кинха бичIчIилеб гьеб аяталъул хIукму вихьичIел, гьевгун цадахъ Авараг ﷺ рукIинчIел нилъ гIадал гIадамазда. Гьелъие гIалимзабаз гьадинаб баян кьолеб буго: «Аварагасул ﷺ суннат ккурал ирсилазда аскIоб гьаракь борхи ва гьединго, сунналдаса аварагасул гьаракь борхи, ай гьабжогийищ суннат букIунинги аварагасул абун. Гьеб ккола аварагасдаса гьаракь борхизаби».

Мисалалъе, дуда абулеб буго: «Цоялдаса цIикIкIун чIужу ячин суннат бугин». Цинги, пуланай гIаданалъ гьелда бан разилъи гьечIолъи загьир гьабуни, гьединаб жойищ суннат букIунебиланги абун, яги гьеб гурого гьечIищ Аварагасул ﷺ суннатин кIалъан, гьей ккола гьаракь борхун Аварагасдаса ﷺ кIалъарай. Гьелдалъун гьелъул гьарурал лъикIал гIамалал рухIизе руго.

## Язихълъиялде ккарав

Аварагас (с.гI.с.)асхIабзабазда цIехон буго: **«Нужеда лъалищ язихълъиялда, хъаркIаслъиялда вугев чи щивали»**, - абун. Гьеб суал нилъее кьун букIарабани, нилъецаги асхIабзабаз абураб гIадин абизе букIана «банкрот» ккарав чи вугин гIарацги гьечIев, минаги бичизе ккарав, бизнесалдасаги махIрумлъарав чийилан. АсхIабзабаз абулеб буго «хъаркIасав чи ккола жиндир диргьам, динар, мина гьечIев чи», - абун. Хадуб, хирияс асхIабзабазе баян гьабулеб буго гьадин: «Язихъав чи - жиндирго умматалдаса хъаркIасав ккола. Къиямасеб къоялъ гьев вачIине вуго паризаял какал, ккурал кIалал, бахъараб закагIат, кьураб садакъа, эбел-инсуе гьабураб лъикIлъи ва гьеб гуреб цогидаб лъикIлъигун. Гьесде аскIове вачIине вуго налъулав, жинда нахъасан кIалъанин, хьанданин, кьабгIанин абурал ва гьединго, цогидас абизе буго гьес дир боцIи зулмуялдалъун квананин, гьес дир ракь хIалица ккунин, гьес дир би тIинкIизабунин, гьес дир ца беканин. МугIрулгIанасеб лъикIлъи гьабурав лагъ Аллагьас алжаналъувеги виччачIого чIезавулев вуго ва гьесухъаги бахъун цоясе кьолеб буго гьабураб хIежалъул кири, цогидасе ккурал кIалал, хадусесе паризаял какал. ПалхIасил, лъабкъого, лъабкъоялда анцIго соналъ гьабурабщинаб лъикIлъи лъугIулеб буго. Ахиралда щибго хутIичIо гьесул налъулазе кьезе, амма къисас босизе хIажатал налъулал жеги руго. Гьезие кьезе гIамал хутIичIеб мехалда, гьоз гьабураб мунагь гьесда баччизабулеб буго. ХIасилалда, жужахIалъувеги рехулев вуго. Гьесдаса мискинав, язихъав чи щивха вукIинев»? Гьаб буго Абугьурайратица бицараб хIадисалъул магIна.

## ХадурагIи

Нилъеца Аллагьасе ﷺ гьабулеб гIибадат как-кIалалдалъун къокълъуларо ва нилъ кутакалда хIажаталлъун руго берцинаб тIабигIаталде, ай аварагас абураб гIадин: «Пуланай гIадан йиго гIемер какал ралей, кIалал кколей, амма гьелъ мадугьалзабазе мацIалдалъун зарал гьабулеб буго», - ян абун буго свалат-салам лъеяв аварагас. Гьелъул хIукму лъазе бокьун буго асхIабзабазе. Аварагас ﷺ абун буго гьей жужахIалъуе рехизе йигин.

Гьаб киналъулго хIасилги гьабун пуланав чияс абулеб бугони, гьабураб цо мунагьалъухъ гIумруялъ гьабураб лъикIаб гIамал бухIи кин бичIчIулеб жойилан, гьелъие буго гьадинаб жаваб: «БитIараб буго, инсанас гьабураб мискъаллу заррагIанасеб гIамалалъухъ гьесие лъикIлъи гьабизе буго, амма гьесул гьеб лъикIлъи букIине ккола лъикIлъилъун, чорокаб ният гьечIого, хадуб бадирчIваял гьаричIого гьабураб. Гьединаб лъикIлъиялъухъ гьесие дунялалдаго гьабизе буго данде лъикIлъи: лъикIай чIужу кьун, сахлъи кьун, кIудияб мина кьун. Амма, тIадехун рехсарал унтабаздаса цIуничIони, ахиралалде щведал гьесул лъикIаб гIамал бухIун батизеги буго».

**ХIабиб-хIажи ГIИСАЕВ**

# Эбел-инсул хIурмат гьабиялъул бугеб кIвар



**Цо къоялъ Сулайман аварагасухъе (гI.с.) вахIю рещтIун буго гIажаиблъи бихьизе бокьун батани ралъдал рагIалде айилан. ГIадамазулги жундузулги къапилаги цадахъ бачун ралъдахъе щун хал гьабидал, щибго батIияб во батун гьечIо. ГIифрит-женалде амру гьабун буго ралъдалъ букъун хал-шал гьабейин щиб бугебали. ГIемераб бакIги тиранин, бажарараб гъварилъудеги тIерхьанин, амма тIиналде щвечIилан бачIун буго гIифрит. КIиабизе битIараб, дагьабги лебалаб женги тIадбуссун буго цебе тIерхьаралдаса кIигогIан гъварилъудеги щванин, амма тIинде щвечIиланги абун.**

Жундузул жо ккола гьечIеблъи бихьидал, Сулайман аварагас (гI.с.) жиндирго вазир, Бархиял Асафиде амру гьабун буго ралъдалъ гIажаиблъи балагьейилан. Исмул-агIзам лъалев гIариф Аллагьасул вукIун вуго Асаф. Сурату Намлалъул 40-абилеб аяталда, «ТIехьалдаса лъай жиндихъ бугес абуна», - ян абурал Къуръаналдаги рагIабаздалъун Аллагьас рехсон вуго Асаф. ГIифрит лъабгогIан гъварилъудеги тIерхьун ралъдал тIиналдаса цо чадирги босун вачIун вуго Асаф. Ункъабго рахъалъан рагьарал нуцIбиги ругеб, амма ралъдал тIиналда бугониги жинисан бакъвахъе бугеб гьелде жанире ралагьидал бацIцIадаб ратIилиъ, вахъун чIун как балев сси бугев гIолохъанчи вихьун вуго.

Чадиралде жаниве лъугьун Сулайман аварагас (гI.с.) гIолихъанасда гьикъун буго ралъдал тIиналде кин мун ккаравилан. Я, аварагилан байбихьун буго Аллагьасул гIолохъанчияс. – Дир эмен вукIана бусаде ккарав чи. Эбелги дир йикIана тIубанго беццлъарай гIадан. Лъабкъоялда анцIго соналъ гьел кIиязего хьулухъ гьабуна дица. Хвалде гIагарлъидал эбелалъ , дие дугIа гьабуна, я Аллагьин тIагIаталда гIумру халатавлъун гьаве дир василан. Гьединго, холелъул инсуцаги гьабуна дугIа, я Аллагьин, щайтIаналъ кверщел гьабулареб бакIалде вачейин дир василан. Гьелдаса хадуб ралъдал рагIалде щварав дида бихьана гьаб чадир. Гьалъул берцинлъиялъухъ балагьизеян жаниве лъугьарав дун, бачIун Аллагьасул цо махлукъаталъ ралъдал тIиналде щвезавуна... Кида гьеб букIарабилан гьикъидал дос абун буго Ибрагьим (гI.с.) аварагасул заман букIанилан. ХIисаб гьабидал, 2400-гIанасеб сон бан буго гьес ралъдал тIиналда. Сундалъун бетIербахъи гьабунха мун вукIаравин гьикъидал, дос абун буго щибаб къойил гIурччинаб хIинчI рещтIунин жинда аскIобе. Гьелъ гозоялда жаниб босун бачIунин дуналда бугебщинаб тIагIам гъорлъ бугеб тIогьилкьераб кваналеб жо. Гьеб кванарабго жиндир ракъикъечги хьвалин, бухIи-цIоройги унин, макьуги тIурулин, чIалгIенги буссунин...

Сулайман аварагас (гI.с.) гьесда абун буго нижеда аскIов гьанив чIезейищ бокьилеб яги вукIаралъувейищ щвезавилеван. ВукIарлъуве ин гьес тIасса бищун, Асафица цIидасан тIиналде щвезавун вуго гьев. Гьеб хIикмат бихьун Аллагьасул хIайранлъараб къавмалдехун вуссун Сулайман аварагас (гI.с.) къокъал рагIабаздалъун вагIза гьабун буго: **«Нужеца хал гьабе, Аллагьас эбел инсул дугIаялъе жаваб гьабураб куцалъухъ. Дица нужеда абулеб буго эбел-инсуе гIакъуба гьабиялдаса цIунейилан».**

**ХIабиб ХIАЖИГIАЛИЕВ**

*спорт*

## Вацал чемпионал

**Апрелалъул 15 абилеб къоялъ МахIачхъалаялда тIоритIарана ММА турниралъул, правилаби гьечIел рагъулал соревнованиял.**



ла гьезие тIоцебесеб иргаялда щулияб сахлъи ва жеги гIемерал бергьенлъаби.

Гьел къецал тIоритIана КIудияб Бергьенлъиялъе 70 сон тIубай кIодо гьабун. Гьел къецазда гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул Бельелда росулъа КъурамухIамад Мусаевас 71 кг цIайиялда. КIудияб жигарчилъиялда хIалуцарал къецазда КъурамухIамадица чIел босана киналго дандчIваязда ва тIоцебесеб бакIги босун гьев вахъана Дагъистаналъул чемпионлъун.

Гьединго КъурамухIамадил кIудияв вац ХIажимурад Мусаевас гIахьаллъи гьабуна Кисловодск шагьаралда тIоритIарал кверхжубараб рагъул FCF-MMA турниралъул Россиялъул чемпионаталда.

ХIажимурад цеве вахъана 65 кг цIайиялда ва ракIчIарал бергьенлъабиги росун вахъана Россиялъул чемпионлъун. Гьел руго нилъер ракьцоязул кIудиял бергьенлъаби.

РакI-ракIалъ баркула вацал Мусаевазда чIахIиял бергьенлъаби, гьару-

## Волейболалъул рахъалъ районалъул чемпионат

**Апрель моцIалъул ахиралда лъабго батIияб администрациялда тIоритIана волейболалъул рахъалъ зоналиял къецал, ай Хидиб, ЛъаратIа ва Къардиб администрациязда. Щибаб зонаялдасан финалияб хIаялде бачIунеб букIана кIиго команда.**

Финал байбихьана ЛъаратIа спортстадионалда тIоцебесеб маялда, гьенир гIахьаллъана Къардиб, Росноб, СанигIортIа, Мазада ва Хидиб администрациялъул командаби.

Къецал рукIана цIакъ хIалуцарал, киназего бергьине бокьун букIана, амма битIаралда битIараб абизе ккела, щайгурелъул волейболги лъаларел, цониги нухалъ районалъул тIасабищараб командаялда гьорлъги рукIинчIел, рекерулел руго сеткаялда тIад вугев судьясда тIаде.

Судьялъун вукIана Къарнаев Арсен, Дагъистаналъул тIасабищараб командаялъул гIахьалчи, гьесдаса лъикI лъалеб букIанадай дол тIаде ртулезда волейбол? Гьеб гуребги, волейболалдехун бугеб рокьиялъ цо-цо унго-унгояв гьудулгицин ццин бахъун мекъи кколев вуго. Гьединаб гIадлу гьечIолъи цоги районазда кибниги гьечIо.

ХIасил-калам, лъабабилеб бакIалъе гIоло дандчIвана Мазада ва Къардиб командаби, бергьана Къардиб, тIоцебесеб ва кIиабилеб бакIалъе гIоло дандчIвана Хадиял ва Росноб командаби, бергьана Росноб. Берцинаб хIай букIана, Хадиял бергьинеги рес букIана. Дагьабго гьава-бакъалъул данде ккечIо, кин бугониги гIолохъабаз тIадегIанаб даражаялъул хIай бихьизабуна.

**ЧАКЪАЛОВ**

*нилъер тIабигIат*



**Машкал. ЧIорода росдал ридалил ферма**

*сахлъиялъул бокIон*

# БЕРЗУЛ УНТАБИ

### конъюнктивит

**Инсанасул жанисеб бер цIуниялъе кIудияб кумек гьабула хъахIаб beралда ва беразул гIамахалда жанисахун бугеб тIеренаб хъалалъ – конъюнктиваль.**



Beралде цо гьитIинаб хIур ккарабго бералъул унти байбихьула, жаниса берал багIарлъула, чвахула. 3 – 10 соназда ругел лъималазул берал багIарлъула иххдал гIурччинлъи баккулаго ва гьединго лъималаз цIикIкIун гьуинлъи кванан бугони, цунлърул (аскаридоз) ругони.

Гьединго чIахIиял гIадамазул берал багIарлъула ургьимесалъул унтаби басралъун ругони. Артериальная гипертония (черхалъул бидурихьазул давление), глаукома, ай (беразул давление) спирт гьоркьоб бугеб гьекъолел жал гьекъолел ругони.

Беразул тIеренаб хъалалъ – конъюнктиваль бер цIунула бадибе ккараб чороклъиялдаса. Бадибе ккараб жо, нух хIал гьабун бахъизеян лъугьунге, щай абуни beралда ругьун лъола, гьелъ пашманал хIасилазде рачине бегьула. Конъюнктивитал рукIуна гIемер батIи – батIиял, щай абуни чорокал кверал беразда хъвани унти багьаризабула, гIемер батIи – батIиял микробаз, вирусаз, бактериябаз. Гьединлъидал конъюнктивиталъул гIаламатал унти –багьаризабураб микробалда релъараб букIуна.

Микробаз, бактериябаз багьаризабураб конъюнктивит сах гьабизе захIматаб ва халат бахъараб букIуна, щай абуни унти цоцаде бахани хасго унтарасул къайи – къоно сахас хIалтIизабулеб бугони.

Конъюнктивитал батIи – батIиял ругеб гIадин, унти сах гьабизе хIалтIизарула дарманалги, ай beралде тIинкIулел дарманалги, беразул мазалги щибаб унтуде данде кколел.

Жиндир заманалда сах гьабураб конъюнктивит хроническияб къагIидаялде буссунаро, ай басралъуларо. Беразул сахлъи цIуни ккола, бералъул канлъи цIуниялъе бугеб цо бутIалъун.

Хириял районцоял, цIуне берал. Беразул канлъи гIадамасе чара гьечIеб бугеблъун. РачIа врачазухъе унти байбихьарабго.



### Глаукома

**Глаукома ккола бищунго хIинкъи бугеб беразул унти, щай абуни глаукомаялъ хвезабула беразул нерв ва гьеб сах гьабизе кIоларо, инсан абадиялъго беццавлъун хутIула.**

Щибха кколеб глаукома:

Гьеб буго беразул давление бахин, гьеб бахине буго чанго гIилла.

1. Умумул глаукомаялъ унтарал ругони

2. Эбелалъул ургьисанго унтараб лъимер бугони

3. Беразда ругьун ккун хадуб

4. Беразда хъал (катаракта) ккун хадуб

Ургьисанго глаукомаялъ унтараб лъимадул рукIуна цIакъго чIахIиял жаниса берал, лъимер букIуна гIемер гIодулеб, яс берал чIахIияб.

Гьедин унтараб лъимадул жиндир заманалда операция гьабичIони лъимер абадиялъго беццлъула.

Глаукома байбихьула аслияб къагIидаялъ 40 сон бан хадуб, берал радал къвакIун рукIуна, чвахула, яс берал чIахIалъула, канлъи дагьлъизе байбихьула, канлъи данде – данде къан трубкаялдасан гIадин бихьула, хадуб тIубанго тIагIун уна.

Глаукомаялъ унтараб бералъул кутакаб унти букIуна. ГIемерисеб мехалъ глаукома байбихьула унти гьечIого.

Гьедин унти гьечIого байбихьараб глаукомаялъул инсанас ургьел гьабуларо гьедин унеб глаукома цIакъ макруяб буго, щай абуни унтарасда лъачIого беразул канлъи хола ва тIад буссинабизе кIоларо.

Гьединаб пашманаб хIасил ккечIого букIине 40 сон ва тIаде барал гIадамазда тIадаб буго лъагIалида жаниб 1 – 2 нухалъгIаги беразул давление борцине, поликлиникаялде рачIине.

Редактор: Расул Абакаров
Газета гIуцIарал:
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

Адрес редакции:
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
Тираж 1100 экз. Индекс: 51372.

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать: по графику: 19.00 фактически: 19.00 15.05.2015
Заказ ___________